www.nohchalla.com

# Хьуна лаахь

**Хьуна лаахь дуьне мел ду къайлах,**
**Д1аг1ур ву со шолг1а схьа ца ва.**
**Хьуна лаахь зезаг хилла бай т1ехь,**
**Техкар ву со дахар хаздеш хьа. } 2р**

**Хьуна лаахь сирла седа санна,**
**1аьржа буьйса мелла къагаеш,**
**Соцур ву со лепаш сенчу стиглахь,**
**Хьо цхъаъ массо вонах лар а еш. } 2р**

**Хьуна лаахь мелчу мохо санна,**
**К1ажарш д1асалестор ю ас хьа.**
**Хьуна лаахь маьлха з1аьнарш санна,**
**Йох еш бийр бу ас хьа дагна там. } 2р**

**Хьуна лаахь соьх хир шера аре,**
**Йа лам , йа бух боцу сийна х1орд.**
**Нагахь йодахь къайле йина маре,**
**Т1улг а хилла дуьсар ду са дог. } 3р.**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)